


Bagay pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan:

- Vini avèk **CHAK** manm fanmi an k ap fè aplikasyon pou resevwa sèvis WIC.
- Pote **TOUT** prèv revni pou tout moun ki nan kay la (montan anvan yo retire taks ak dediksyon). Revni enkli bagay tankou: salè, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou granmoun, pèman pou timoun ki nan mezon dakèy, enterè ou retire, konpansasyon pou chomaj, ak revni sèvis militè;
OSWA, si w resevwa **Medicaid**, **asistans lajan kach tanporè (TCA)**, **oswa kupon alimantè, revni ou fè ki fè** w elijib pou WIC. (Si w pap resevwa Medicaid oswa TCA, men lòt manm nan fanmi w ap resevwa benefis sa yo, revni w ka elijib pou WIC.) Pèsonèl WIC la ka verifiye enskripsyon w nan pwogram sa yo. Men li ta bon pou ta pote lèt "**Notice of Case Action**" w lan, ki se prèv elijiblite pou youn oswa plis nan pwogram sa yo.
- Pote **YON** prèv pou kote w abite a (piga bay bwat postal). Dokiman an dwe ajou epi li dwe montre non w ak adrès ou. Prèv yo aksepte enkli bil kouran, dlo, deklarasyon labank ak asirans, oswa lisans pou kondwi. Fòk ou abite nan Florid kounye a, men li pa nesèsè pou se yon sitwayen ameriken.
- Pote **YON** prèv idantifikasyon pou ou ak **YON** prèv idantifikasyon pou tout tibebe oswa timoun k ap aplike pou WIC, tankou ak nesans, lisans pou kondwi, kat yo te mete nan bèso l lè l te fèk fèt, idantifikasyon sèvis militè, idantifikasyon ki gen foto, kat sekirite sosyal, oswa dosye lopital.
- Pou **CHAK** fanm, tibebe ak timoun k ap aplike pou WIC, ou pral bezwen:
Yon mezi wotè ak gwochè ki resan (li pa dwe gen plis pase 60 jou), epi
Rezilta tès emoglobin oswa ematokrit (pa obligatwa pou tibebe ki poko gen 9 mwa).
Mande doktè w oswa klinik medikal ou a pou l ranpli enfòmasyon sou santé sou fòm referans medikal WIC sa a. Oubyen, biwo WIC lan pral ede-w jwenn enfòmasyon sou santé sa a.
- Pote **nimewo sekirite sosyal** pou chak moun k ap aplike pou WIC, si sa disponib.
- Pote **dosye vaksen** pou chak timoun.



Biwo lokal WIC:

Pou plis enfòmasyon vizite sit entènèt WIC lan nan:
www.FloridaWIC.org

Lalwa Federal avek "U.S. Department of Agriculture" (USDA) defann diskriminasyon nan tout pwogram akaktivite sou kelkeswa fòm lan ras, koulè, nasyonal orijin, seks, laj e andikape. Pou pote youn akizasyon pou diskriminasyon ou renkontre, ekri: USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410 oswa rele nime wotelefon sa (800) 795-3272 (vwa) oswa (202) 720-6382 (TTY). USDA se yon founisè ak anplwayè ki ofri egalite pwofesyonèl.

DH 150-320, 4/09 Stock Number 5730-320-0150-7



Rele WIC jodi a!



Èske w gen yon tibebe oswa yon timoun ki poko gen 5 an?

Èske w ansent oswa w ap bay tete?

Gade andedan ti bwochi sa a pou wè si w reponn a règleman pou revni WIC la!

FLORIDA
WIC

Bon nitrisyon pou fanm, ti bebe, ak jenn ti moun

1-800-342-3556

WIC se yon pwogram nitrisyon pou fanm ki ansent oswa k ap bay tete oswa ki fèk ansent, tibebe ak timoun ki poko gen 5 an.



WIC bay bagay sa yo gratis:

- Manje ki bon pou lasante
- Edikasyon ak konsèy sou nitrisyon
- Sipò pou bay tete
- Referans pou swen medikal, vaksen ak sèvis nan kominote a

Pou elijib pou WIC selon revni w:

Revni total tout moun nan kay la dwe egal a montan ki nan Règleman pou Revni WIC lan oswa li dwe mwens. →

OSWA ou ka elijib selon revni w si w ap resevwa Medicaid, Asistans Lajan Kach Tanporè (TCA), oswa kupon alimantè. Men ou pa bezwen nan pwogram pou asistans piblik pou kalifye pou WIC.



Règleman pou Revni WIC

Pou yon fanm ki ansent, chak tibebe ki poko fèt konte pou yon moun anplis nan kantite moun ki nan kay la.

Kantite moun ki nan kay la	Revni Mansyèl (ANVAN TAKS AK DEDIKSYON)
1	\$1,670
2	\$2,247
3	\$2,823
4	\$3,400
5	\$3,976
6	\$4,553
7	\$5,130
8	\$5,706

Revize 4/1/09
Chak ane montan sa yo ka ogmante.



Pou aplike pou WIC:

- Rele biwo lokal WIC ou an oswa rele nan nimewo gratis sa a **1-800-342-3556** é operatè a ap ba ou niméwo téléfòn lokal la.
- Biwo lokal WIC la pral baw yon dat ak lè pou yon vizit pou sètifikasyon WIC. Nan vizit sa a, yo pral egzamine revni fanmi an, estati medikal/nitrisyon chak kandida. Nan jou sa a, ou pral konnen si oumenm ak timoun ou yo elijib pou pwogram WIC lan.
- Pou konnen kisa pou pote nan vizit pou sètifikasyon WIC lan, gade nan lòt bò bwochi sa a.

